## ÆРТÆ ХÆЛАРЫ

Раджыма-раджы хъæды астæу цардысты куыдз, гæды æмæ уасæг. Сæхицæн уыдис хæдзар æмæ дзы тынг лымæнæй цардысты. Фæлæ иуахæмы цуанæй æрбаздæхтысты, кæсынц, æмæ сæ хæдзары дуар фидар æхгæд.

– Гъæу-гъæу! Ай цы диссаг у! Чи нын сæхгæдта нæ хæдзары дуар? – фæрсы куыдз.





Гæды хойы дуар:

– Чи куыдз, чи хæрæг, чи бацард нæ хæдзары? Бакæн дуар!

Уалынмæ дын æнæзонгæ, йæхи не ‘вдисы, афтæмæй хъæр кæны:

– Куыдз дæр нæ дæн æмæ хæрæг дæр! Ай ныр мæ хæдзар у! Ацæут ардыгæй!

– Куыд у дæ хæдзар?! Мах æй сарæзтам, мах дзы æрцардыстæм! Хъу-хъри-хъу-ууу! Мах хæдзар у! – æрбамæсты йам уасæг.

Æнæзонгæ дын куы бацин кæнид æмæ диссаджы фæлмæн хъæлæсæй дзуры:

– Уасæг, сырх къоппа! Рауай-ма! Æз дæумæ куы æнхъæлмæ кæсын.

– Чи дæ, чи? – фæрсы йæ уасæг.

– Æз дæ дзыгъуыр карк дæн! Рауай мæм тагъддæр! Æз дæу куы агурын хъæды.

– Мæ дзыгъуыр карк?! Байгом нын кæн дуар. Æз мæ хæлæрттимæ дæн!

– Нæ мæ хъæуынц дæ хæлæрттæ! Атæр сæ! Дыууæйæ цæрдзыстæм мæнæ нæ хæдзары!

– Чи уæ хъахъхъæндзæн хъæды сырдтæй? – фæрсы куыдз.

– Чи уын ахсдзæн уæ мыстытæ? – фæрсы Гида.

– Ма хъус дæ хæлæрттæм, рауай! Ды дæхæдæг хъахъхъæндзынæ дæ дзыгъуыр карчы! Рауай мæм! – дзуры æнæзонгæ.

Уасæг сусæгæй йæ хæлæрттæн загъта:

– Уыцы каркæн ӕгӕр фæлмæн хъæлæс ис! Чидæр нæ сайынвæнд скодта. Æз дуар гомæй ныууадздзынæн, цæут мæ фæстæ.

– Хъæрæй та дзуры:

– Мæ дзыгъуыр карк, байгом мын кæн дуар!

Рувас байгом кодта дуар, фæлæбурдта дын уасæгмæ æмæ хъæр кæны:

– Йæхи къахæй мæм æрбацыд ме ‘хсæвæр! Æдылы уасæг!..

– Хæры мæ рувас! Рувас у! – ныууасыдис уасæг.



Куыдз базгъордта хæдзармæ æмæ фæлæбурдта рувасмæ. Гæды йæ дæндæгтæ ныссагъта рувасы æмæ йын йæ дзæмбытæй ратыдта уасæджы.



– Уауу! Ма мæ бахæрут! Уауу! Ауадзут мæ! – скуыдта, сæрдиаг кодта рувас, æмæ йæ хæлæрттæ асырдтой сæ хæдзарæй.

Рувас хъæдмæ алыгъд, æртæ хæлары та сæ хæдзары цæргæйæ баззадысты.

*Джимиты Кларæ*